



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 2 novanm 2011

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DISPONIBLITE KOUNYE A ASISTANS CHOMAJ FEDERAL
NAN SITIYASYON KATASTWOF POU NOUYOKÈ KI VIKTIM SIKLON SANDY**

*Nouyòkè Kap Travay ak Viv nan Konte Bronx, Kings, New York, Richmond, Queens, Nassau, Suffolk,
Rockland ak Westchester Kapab Aplike*

Staf Depatman Travay ap Deplwaye nan Zòn Katastwof pou Anrejistre Nouyòkè ki Viktim

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gen asistans chomaj federal nan sitiyaasyon katastwòf disponib pou tout Nouyòkè ki pèdi travay yo alaswit Siklòn Sandy. Avantaj chomaj nan sitiyaasyon katastwòf disponib pou pote sipò finansye bay tout moun ki pèdi travay yo epi kap viv ak travay nan konte Bronx, Kings, New York, Richmond, Queens, Nassau, Suffolk, Rockland ak Westchester.

Asistans sa pral konplete sistèm asirans chomaj aktyèl la epi pral ogmante elijiblite pou rantre ladan l moun ki ka pa kouvri. Depatman Travay Etazini pran angajman pou l bay asistans adisyonèl si sa nesèsè.

“Destriksyon fizik Siklòn Sandy te koze a terib, epi pèt travay ki swiv la ka menm fè Nouyòkè yo pi mal,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Fon federal sa yo pral bay asistans finansye rapid pou sila yo ki gen lavi yo boulvèsè. Mwen mande Nouyòkè viktim yo pou y aplike pi bonè posib.”

Staf Depatman Travay pral deplwaye nan kominote ki frape anpil pou ede anrejistre Nouyòkè viktim pou Asistans Chomaj nan Sitiyaasyon Kastròf pèsònèlman.

Tout moun ki pap travay akòz Siklòn Sandy elijib touswit epi ka prezante yon reklamasyon nan Depatman Travay la.. Kritè pou resevwa asistans nan sitiyaasyon katastwòf plis pase lè pou resevwa avantaj chomaj regilye. Spesifikman, yon moun ka resevwa asistans nan sitiyaasyon katastròf nan youn nan ka sa yo:

- Li blese nan katastròf la ak li pa kapab travay, kelkeswa moun lan se yon aplwaye oubyen ap travay ak tèt li.
- Lye travay li andomaje, oubyen detwi, oubyen li pa kapab ale travay akòz katastròf la.
- Transpò pou ale travay pa disponib akòz katastwòf la.
- Li pa ka ale travay paske li dwe ale travay nan zòn afekte, sa ki enposib akòz katastròf la

- Li planifye pou kòmanse travay, man pa kapab akòz katastròf la.
- Li jwenn pi fò revni li nan zòn ki frape nan katastwòf la, epi biznis fèmen oubyen pa ka fonksyone akòz katastwòf la.

Egzanp moun kap travay ak tèt yo se pwopriyetè ti biznis, chofè taksi endepandan, komèsan, pechè komesan endepandan ak agrikiltè.

Manm Komisyon Depatman Travay Eta New York, Peter M. Rivera te di konsa, “Moun sa yo vle travay epi pa kapab akòz sikonstans yo pa kontwòle.. Kob sa pral ede dirèkteman travayè ki gen fanmi pou bay manje ak bil pou peye. Kontakte Depatman Travay epi nap detèmine ki pwogram ki bon pou ou.”

Pou aplike pou avantaj chomaj oubyen asistans chomaj nan sitiyaasyon dezaz, sila yo ki viktim siklòn lan epi ki pèdi djòb ou byen revni yo dwe rele Sant Reklamasyon nan Telefon (TCC) nan 1-888-209-8124, oubyen 1-877-358-5306 si yap viv andeyò eta a. Aplikan dwe reponn kesyon ki deklare yo pèdi djòb yo akòz Siklon Sandy. Pou ka resevwa benefits, fòk ou aplike by 3 desanm 2012.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418